

# BAB 1

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina kahirupan sapopoé, manusa moal leupas tina aktivitas ngagunakeun basa. Basa mangrupa alat interaksi sosial atawa alat komunikasi manusa. Dina tiap komunikasi, manusa bisa silih tepikeun informasi nu mangrupa pikiran, gagasan, maksud, perasaan, nepi ka emosi sacara langsung. Aya tilu komponén dina prosés komunikasi nu ngawengku panyatur, informasi nu rék ditepikeun, jeung pakakas nu dipakéna. Pakakas nu dipaké nalika komunikasi nyaéta basa. Proses komunikasi basa enas-enasna mah nepikeun amanat ngaliwatan basa ti pangirim ka panampa. Hartina, éta amanat baris nepi ka panampa upama pangirim maké basa nu bener tur merenah.

Mekarna basa, hususna basa Sunda tumuwuh saluyu jeung mekarna kahirupan kabudayaan masarakatna. Mekarna basa Sunda ébréh pangpangna tina kandaga kecapna. Jaba tina kandaga kecapna, mekar jeung robahna basa Sunda jeung adegan basana gumantung panyaturna (Sudaryat spk., 2011, kc. 7). Kalimah téh digunakeun pikeun ngébréhkeun sagalana anu aya dina pikiran jeung rasa, kulantaran kitu éta kalimah téh ngandung naon-naon anu ditétélakeun, diébréhkeun, dituduhkeun, jeung dipikahayang ku panyaturna sangkan aya réspon ti pamiarsa. Ku sabab omongan ti panyatur ka pamiarsa nangtukeun pesen anu ditepikeun, sangkan jadi amanat tur ayana timbal balik ti pamiarsa ka panyatur

Nurutkeun Halliday dina (Tarigan, 2009, kc. 5) basa boga tujuh fungsi, di antarana: fungsi instruméntal, fungsi régulasi, fungsi répréséntasional, fungsi interaksional, fungsi personal, fungsi heuristik, jeung fungsi imajinatif. Dumasar pamadegan diluhur, boh manusa salaku makhluk sosial boh makhluk individu, nalika ngagunakeun basa duanana pada-pada boga fungsi sakumaha anu disebutkeun diluhur. Dua di antarana nyaéta fungsi personal jeung fungsi interaksional. Basa dina fungsi personal nyaéta manusa salaku makhluk individu ngajadikeun basa pikeun ngaéksprésikeun rasa, emosi, kahayang, pikiran, jeung

Dwi Sulistiya Rini, 2021

*KALIMAH ÉKSPRÉSIF DINA NOVEL PUPUTON KARYA AAM AMILIA (Ulukan Sintaksis jeung Pragmatik)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

réaksi-réaksi kajiwaan liana. Fungsi interaksional nyaéta manusa salaku makhluk sosial ngajadikeun basa salaku alat pikeun interaksi dina hiji komunikasi sosial.

Sudaryat (2004, kc. 6), nyebutkeun yén basa mangrupa sistem lambang omongan nu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragam (konvensional) antaranggota masarakatna pikeun tujuan patali marga atawa komunikasi.

Dina ieu panalungtikan, boh unsur internal boh éksternal téh duanana dipaluruh. Pikeun maluruh unsur internalna atawa kabasaanana ngagunakeun tilikan sintaksis, ari unsur éksternalna atawa kontéksna ngagunakeun tilikan pragmatik. Duanana ogé silih rojong sakumaha nu dipedar ku Lubis (2011, kc. 22) yén tiap pamarekan panalungtikan dina basa nu ngawengku tinimbangan kontéks kaasup kana widang studi basa nu disebut pragmatik.

Sintaksis téh mangrupa élmu anu maluruh sakumna patali gramatik antar kontruksi sintaksis anu disebut kalimah jeung wacana, nya éta patali gramatik antar kecap, antarfrasa, antarklausa, jeung antarkalimah (Prawirasumantri, 2000, kc. 1). Dina ieu hal, panalungtik ngulik nu aya patalina jeung konsep dasar sintaksis, nya éta fungsi, katégori, jeung peran sintaksis.

Salian ti éta, basa mibanda adegan jeung cara makéna. Adegan basa dipatalikeun kana makéna basa, boh lisan (nyarita jeung ngaregepkeun) boh tulisan (nulis jeung maca), ku kaédah husus anu disebut pragmatik (Sudaryat spk., 2011, kc. 10). Pragmatik mangrupa dahan linguistik anu maluruh ngeunaan kumaha basa digunakeun dina komunikasi ogé salaku ulikan ngeunaan ma'na dina hubungana jeung situasi-situasi ucapan atawa omongan *speech situation* (Leech, 1993, kc. 5).

Ilaharna kaédah pragmatik digunakeun pikeun nangtukeun luyu henteuna adega basa jeung makéna basa dina kontéks situasi, ogé nangtukeun bener jeung merenah henteuna dina komunikasi basa. Pragmatik ngalibetkeun unsur basa pangjembarna nu disebut wacana. Ku kituna, sistem basa ogé ngawengku pragmatik atawa tata wacana (Sudaryat spk., 2011, kc. 10). Ulukan pragmatik anu nganalisis wacana minangka wangun basa pangjembarna, tangtu moal leupas tina kalimah. Ari kalimah mangrupa unsur pangleutikna dina tata wacana. Unsur

kalimah dina wacana disebut omongan atawa obahan (*move*).

Dumasar wanda kalimah anu aya dina wacana kabagi jadi opat rupa nya éta kalimah komisif, kalimah impositif, kalimah éksprésif, jeung kalimah asértif. Sangkan leuwih museur ieu panalungtikan nyoko kana kalimah éksprésif nu hartina kalimah anu fungsina pikeun ngedalkeun cumeluk jeung sora bituna rasa.

Aya sababaraha panyatur basa Sunda nu hésé maham kana maksud bacaan atawa omongan nalika komunikasi. Ku kituna, ieu panalungtikan téh salasahiji tarékah pikeun ngungkulan pasualan anu aya di lapangan sarta pikeun nambahan pangaweruh katatabasaan, dina ieu panalungtikan anu di pedar téh ngeunaan kalimah éksprésif anu ngagunakeun ulikan sintaksis jeung pragmatik. Kalimah éksprésif réa kapanggih dina basa Sunda tulis dina wangun karya sastra, upamana waé, dina novél *Puputon* karya Aam Amilia. Contona waé kalimah ieu di handap.

*“Geuning nangis Mamay mah.”*

*“Sanés Kang Is, Kang Is sanés nu Mamay, nu Ceu Astri!”*

(PPN/12/1-2)

Dumasar kalimah diluhur, katitén yén ciri kalimah éksprésif aya tina kecap *“geuning nangis”* jeung *“Kang Is sanés nu Mamay”*. Éta kalimah téh mangrupa wujud tina kalimah éksprésif kanyeri.

Aya sababaraha panalungtikan saméméhna nu sarupa ngeunaan ulikan sintaksis jeung pragmatic, di antarana waé, *“Analisis Kalimah Pragmatik dina Naskah Drama Budah Si Narko Karya Dadan Sutisna pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP”* (Septiadi Angga Yuda, 2012), anu ngadéskripsikeun jenis jeung makna wujud kalimah pragmatis anu aya dina Naskah Drama Budah si Narko; *“Fungsi jeung Wanda Kalimah Ébréhan dina Novél Rajapati di Pananjung Karangén Ahmad Bakri”* (Erwita Novia Purwanti, 2013), anu ngadéskripikeun kalimah ébréhan dina novél Rajapati di Pananjung disawang tina fungsi jeung wanda pragmatisna; *“Wanda kalimah éksprésif dina novel Kembang-Kembang Peutingan Karya Holison M.E.: Ulukan struktur jeung pragmatik”* (Fanni Rahma Vanessa, 2016), anu ngadéskripsikeun struktur kalimah jeung makna pragmatik dina éta novel; *“Kalimah impositif dina novel Baruang ka nu Ngarora karya D.K.*

Ardiwinata: Tilikan Adegan, Ma'na, jeung Maksim Kasopanan” (Ulfah Rahmalia, 2015), anu ngadéskripsikeun adegan, ma'na, jeung maksim kasopanan kalimah impositif.; jeung “Wacana Iklan dina Média Massa basa Sunda: Ulikan Sintaksis jeung Pragmatik” (Sandri Sandiansyah, 2015), anu ngadéskripsikeun wacana iklan dina media massa basa Sunda.

Panalungtikan di luhur boga sasaran nyaéta medar ngeunaan ma'na jeung adegan pragmatik kalimah. Bédana jeung panalungtikan anu baris dilaksanakeun nyaéta ieu panalungtikan teu saukur ngulik struktur jeung ma'nana wungkul, tapi ogé jeung nganalisis maksim kasopanan dina éta novél. Ku kituna, ieu panalungtikan téh masih perlu dilaksanakeun sarta dijudulan “Kalimah Éksprésif dina Novél Puputon Karya Aam Amilia (Ulikan Sintaksis jeung Pragmatik)”.

## 1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang di luhur, ieu di handap dijelaskeun watesan jeung rumusan masalah panalungtikan.

### 1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang diluhur, ieu panalungtikan baris medar ngeunaan kalimah éksprésif dina novel *puputon* karya Aam Amilia ngagunakeun ulikan sintaksis jeung pragmatik.

Sacara sintaksis wangun kalimah téh dibédakeun jadi opat kalimah nyaéta (1) kalimah salancar, (2) kalimah rangkepan, (3) kalimah ringkesan, jeung (4) kalimah singget. Ku kituna, sangkan teu lega teuing ambahanana, ieu panalungtikan téh ngan saukur maluruh kalimah salancar jeung kalimah rangkepan.

Sacara pragmatik kalimah basa Sunda dina wangun ujaran téh aya opat rupa nyaéta (1) kalimah komisif, (2) kalimah impositif, (3) kalimah éksprésif, (4) jeung kalimah asertif. Ditilik dina kasopanan aya sababaraha maksim, di antarana: (1) maksim kawijaksanaan, (2) maksim katumarima, (3) maksim pujian, (4) maksim handap asor, (5) maksim pangcocog, jeung (6) Maksim kasimpatian. Ku kituna, sangkan teu lega teuing ambahanana, masalah anu baris dipedar téh diwatesanan

nyaéta maluruh kalimah éksprésif, sintaksis, ma'na jeung maksim kasopanan.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah tadi, éta rumusan masalah bakal jadi pituduh dina ngumpulkeun data. Ku kituna, rumusan masalah panalungtikan dipidangkeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Aya sabaraha jeung naon waé kalimah éksprésif anu kapanggih dina novel *Puputon* karya Aam Amilia?
- 2) Kumaha wangun kalimah éksprésif dina éta novel *Puputon* karya Aam Amilia?
- 3) Adegan kalimah éksprésif naon waé dina éta novel *Puputon* karya Aam Amilia?
- 4) Ma'na pragmatis kalimah éksprésif naon waé dina novel *Puputon* karya Aam Amilia?
- 5) Maksim kasopanan kalimah éksprésif naon waé dina novel *Puputon* karya Aam Amilia?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus. Anapon tujuan umum jeung tujuan hususna masing-masing didadarkeun ieu di handap.

### 1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum ieu panalungtikan boga tujuan pikeun manggihan jeung ngadéskripsikeun wangun, struktur, ma'na, jeung maksim kasopanan kalimah éksprésif anu aya dina novel *Puputon* karya Aam Amilia.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Anapon tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun lima hal, nyaéta:

- 1) kabeungharan kalimah éksprésif anu kapanggih dina novel *Puputon* karya Aam Amilia;
- 2) wangun kalimah éksprésif dina éta novel *Puputon* karya Aam Amilia;
- 3) adegan kalimah éksprésif dina *Puputon* karya Aam Amilia;
- 4) ma'na kalimah éksprésif dina novel *Puputon* karya Aam Amilia; jeung
- 5) maksim kasopanan anu kapanggih dina novel *Puputon* karya Aam Amilia.

#### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Saluyu jeung tujuan panalungtikan, pikeun leuwih jéntré mangpaat ieu panalungtikan dibagi jadi dua bagian, nyaéta (1) Mangpaat tioritis jeung (2) mangpaat praktis.

##### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara téoritis, ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaat kana pikeun kaélmuan basa hususna basa Sunda. Dina paélmuan ieu basa panalungtik bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan kapragmatisan kalimah éksprésif, struktur jeung wangun kalimah éksprésif, ma'na kalimah éksprésif, jeung maksim kasopanan anu aya dina salasahiji karya sastra winangun novel.

##### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Sacara praktis, ieu panalungtikan mangrupa salasahiji tarékah ngamumulé basa Sunda. Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep bisa méré mangpaat pikeun masarakat, nu maca, sarta panalungtik.

- 1) Pikeun masarakat, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré gambaran ngeunaan pragmatik omongan, sangkan bisa maham kana eusi atawa maksud nu nyamuni dina omongan.
- 2) Pikeun guru, ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan matéri pikeun pangajaran kalimah.
- 3) Pikeun nu maca, ieu panalungtikan dipiharep sangkan pamaca bisa leuwih nyaho kana harti kalimah éksprésif, struktur kalimah éksprésif, ma'na kalimah éksprésif jeung maksim kasopanan anu aya dina éta novel. Salian ti

éta ogé bisa nambahan pangaweruh ngeunaan wangun tata basa Sunda hususna kalimah éskprésif, sarta bisa ngalarapkeunana dina kahirupan sapopoé nalika ngedalkeun sora bituna rasa.

- 4) Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun bahan référénsi pikeun panalungtikan saterusna anu aya patalina jeung kapragmatisan kalimah.

### 1.5 Raraga Tulisan

Sistematika nyusun tésis dina ieu panalungtikan dibagi jadi lima bab nyaéta ieu di handap.

Bab I mangrupa bubuka nu ngawengku kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga panulisan.

Bab II mangrupa ulikan pustaka, panalungtikan saméméhna, kalungguhan tioritis panalungtik, jeung raraga mikir. Ulikan pustaka dina ieu tésis ngawengku tiori kapragmatisan kalimah dina wacana, sintaksis, kalimah éksprésif, ma'na pragmatisna jeung maksim kasopanan.

Bab III mangrupa métodeu panalungtikan anu ngawengku désain panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik analisis data.

Bab IV mangrupa hasil panalungtikan anu medar déskripsi jeung analisis data ngeunaan wangun jeung adegan ogé ma'na pragmatis kalimah éksprésif anu aya dina novél *Puputon Karya Aam Amilia*.

Bab V mangrupa panutup anu ngawengku kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi panalungtikan, jeung rékoméndasi